



# Mwazi Nan Bilding Dlo Domaje

## DAT DÈNYE CHANJMAN: 02/2014

Lè moun Florida ap fè netwayaj ak reparasyon nan kay ak bilding yo ki domaje nan tanpèt, Depatman Sante (DOH) Florida ankouraje tout moun pou yo pran mezi sekirite pou evite pwoblèm avèk kalite lèd andedan kay yo. Imidite ki antre nan bilding yo akòz fuit dlo oswa inondasyon ap fasilite kwasans mwazi a. Mwazi yo kapab lakòz maladi, deklanche reyaksyon alèjik, epi kontinye domaje materyèl yo pandan lontan apre tanpèt la. Si ou pa kontwole imidite a ak mwazi a sa kapab reprezante risk pou sante ou akoutèm ak alontèm.

### POU PWOTEJE TÈT OU KONT RISK KI ASOSYE AVÈK MWAZI:

- Retire dlo-dòmi ki lakay ou oswa nan biwo ou.
- Retire materyèl ki mouye yo.
- Si kwasans mwazi a parèt deja, retire materyèl ki gen mwazi yo avèk anpil prekosyon, oswa netwaye yo.
- Anvizaje itilize ekipman pou pwoteksyon pèsònèl lè w ap netwaye oswa lè w ap retire mwazi, sètadi, gan ak linèt pwoteksyon.
- Moun ki konnen yo fè alèji ak mwazi oswa ki souffri opresyon pa ta dwe netwaye oswa retire materyèl ki gen mwazi yo.

Sonje pou pa melanje ajan netwayaj ak dezenfektan yo, paske gaz danjere yo ka lakòz reyaksyon chimik toksik. Li epi swiv eksplikasyon ki nan etikèt yo avèk anpil atansyon. Louvri fenèt yo ak pòt yo pou bay anpil lè fre nan kay la.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou kalite lè andedan kay ak sou kwasans mwazi, kontakte depatman sante konte kote w ap viv la nan sitwèb <http://www.floridahealth.gov/public-health-in-your-life/county-health-departments/CHDlisting.html>, oswa konekte sou Entènèt nan paj wèb mwazi DOH nan <http://www.floridahealth.gov/healthy-environments/mold/index.html>.